**Хаамаш цхьаьна (цхьаьнца) талларх дерг**

**«Мехкабоцчеран коьрта реестр»**

**Хаамаш ларбаран юкъарчу регламентан 13, 14 (кхойтталг1ачуй, ейтталг1ачуй) статьяшна т1едоьг1на (DSGVO)**

**Жоьпаллин операторан ц1е а, цуьнца з1енаш а:**

Bundesamt für Fremdenwesen und Asyl (мехкабоцчеран а, бевддабаьхкинчеран а г1уллакхийн Федеральни ведомство)
Modecenterstraße 22, 1030 Wien
Телефон: +43- 59 133 98 7004
Факс: +43- 59 133 98 7399
E-Mail: BFA-Einlaufstelle@bmi.gv.at

**Х1оранннан долара хаамаш ларбаран векалца з1енаш:**

Телефон: +43- 59 133 98 - 0
E-Mail: BFA-Datenschutzbeauftragter@bmi.gv.at

**Долара хаамаш талларан 1алашонаш:**

Хаамаш таллар а, царех пайдаэцар а д1ахьо Коьртачу реестрехь Чоьхьарчу г1уллакхийн Федеральни министро, миграцин а, бевддабаьхкинчеран а г1уллакхийн Федеральни ведомствоно, векаллаллин органаша а, Коьртачу Федеральни суьдо, иштта т1ебахкаран а, охьаховшаран а Бакъонаца йолчу органаша а (NAG), догг1учу латтанийн милицин урхалло а, низам латторан 1алашонца кхечумехкачеран г1уллакхашкахь, уьш меттигашка д1анисбечу, кхечумехкачеран органаша а.

**Таллам баран бакъонан баххаш:**

§§ 26, 27, 39 а, 58 Федеральни законан, х1усам латторан юкъара хьелаш нисдечу, мехкбоцчеран а, бевддабаьхкинчеран а г1уллакхийн Федеральни ведомствоно д1ахьуш долчу, царна къаьмнийн юкъара г1олаца, ладаме долчу г1уллакхашна бакъонаш яла, махкахваккхар чекхдаккха а, махкахваккхар д1ататта а, меттигехь 1ар хадош, иштта австрийски кехаташ дала а 1алашонаш йолуш (Махкахваккхаран а, бевддабаьхкинчеран г1уллакхийн Федеральни ведомствон Къийсаман закон BFA – BFA VG) бахархойн а, организацийн а пачхьалкхаллин хьашто электронни кепехь кхочушъяран Федеральни Законца цхьаьна, тайп-тайпанчу г1уллакхийн сферашкахь пачхьалкхаллин хьашто кхочушъяран т1едахкаршца цхьаьна, электронни кепехь лоьмарш билгалъярца, иштта, Доларчу куцх1отторан лоьмарийн Регистран т1едахкаршца цхьаьна, т1етоьхна йолчу реестран т1едахкаршца, бахархой ларарх а, предпреятеш ягаръярх а, х1усамаш а, кхийолу г1ишлош а ягаръярх долу Федеральни законца (ларарх, дагардарх долу реестран Закон)

**Долара хаамаш 1алашбаран хенаш:**

Махкахваккхаран а, бевддабаьхкинчеран г1уллакхийн Федеральни ведомствон Къийсаман законо BFA ма-бохху, схьабелла хаамаш куьйга д1абаьхна хила беза терахь т1ех ца долуьйтуш
1. шена дуьхьала г1уллакх доьдучунна австрийски мехкахочун бакъонаш (гражданство) схьаелча, цунна делла мехкавоцчун кехаташ д1адахаран г1уллакх сецна хиларна,

2. мехкабоцчеран а, бевддабаьхкинчеран а Федеральни ведомстве я Федеральни Коьртачу суьде хаамаш кхаьчнехь, шена дуьхьала г1уллакх доьдуш верг д1акхелхина аьлла, цул т1аьхьа пхи шо хан а яьллехь,
3. я итт (10) шо даьлча т1елаца сацам хиллачул т1аьхьа, и сацам бакъонца ч1аг1бина а болуш, мехкабоцчеран а, бевддабаьхкинчеран а Федеральни ведомствоно я Федеральни Коьртачу суьдо, я дехар юхаэцначул т1аьхьа, цу т1е доьг1на и г1уллакх саца а деш, я дехар т1едуьтийла йоцуш хиллехь. Х1ара хьал ца дог1у, нагахь санна шена дуьхьала г1уллакх доьдуш волчунна дозатоьхна доцуш дихкина делахь махка вар я махкахь хилар. Нагахь санна дуьхьала доьдучу г1уллакхан хан, махкахь хенан доза тоьхна хиларца, т1екхаьчна елахь хьалхарчу хьолехь ма-аллара, и хан чекхъяларций бен д1абаьхна хила безаш бац хаамаш.

**Долара хаамаш шайга кхочуш берш:**

1. Пачхьалкхан кхерамазаллин органаш, полицин кхерамазаллин законан § 4 т1едоьг1на;

2. Догг1учу латтанийн полицин урхалла;

3. Д1анисбаран а, бахаран а бакъонийн органаш; (NAG);

4. дозанал арахь Австрин векаллалин органаш;

5. мехкабоцчеран а, бевддабаьхкинчеран а Федеральни ведомство;

6. прокуратурин органаш;

7. ясакх яккхаран органаш;

8. Кхечумехкачеран белхан г1уллакхийн Закон кхочушдар шайна т1ехь долу органаш;

9. Граждански хьелан белхаш д1абазбаран органаш;

10. Граждански г1уллакхийн пачхьалкхан органаш;

11. Д1абазбаран органаш;

12. Австрехь болчу бевддабаьхкинчеран г1уллакхийн Цхьаьнакхеттачу Къаьмнийн Вовшахкхетаран Лакхарчу комиссаран урхалла;

13. юридически консультанташ, мехкабоцчеран а, бевддабаьхкинчеран а Федеральни ведомстван къийсаман законан §§ 49 - 52 т1едоьг1на (BFA-VG);

14. Бертан декъашхой, йог1уш йолу пачхьалкх къасторан 1алашонца, т1еэцар а, къаьмнийн юкъара г1одоьхуш дехарш таллархьама, я Дублински Бертан декъашхойн-пачхьалкхийн органаш билгалъярхьама.

15. Кхечумехкийн органаш, шайн бакъо йолу Женевски Конвенци кхочушъян мехкабоцчеран хьелашкахь, нагахь санна билгалдаккхалур долуш дацахь и хаамаш цу органшка д1а ца белча, шеко а яцахь мехкавоцчу г1о оьшуш веддачух болу и хаамаш, и ларлучу махка кхочург ца хиларх;

16. верасаллин а, 1уналлин а органаш;

17. Федерацин а, догг1учу федеральни латтанийн а органаш, кхочушдеш долу т1едахкарш Коьртачу хьаллатторан бертана т1едоьг1на долу;

18. Белхан/къинхьегамаллин биржа (AMS)а, региональни коьртачу органийн учрежденеш а, шайна т1ехь долу юкъараллин хьелаш кхочушдар а, юкъараллехь д1анисбаларехь а, белхан хьелашкахь д1анисбаларехь а г1олацар, накъосталла дар;

19. Меттигера больницийн кассаш а, зенах 1алашваран австрийски юкъараллин органийн Коьрта Цхьаьнакхетар а;

20. догг1учу латтанийн коьрта суьдаш;

21. граждански а, зуламан а суьдаш, иштта бакъонаш кхочушъяйтаран учрежденеш;

22. Федеральни министерство, Европин г1уллакхийн а, махка юхаверзоран, кхечукъаьмнийн г1улаккхийн а йолу;

23. Схьаваьллачу мехкан органаш;

24. Доларчу куцх1отторан лоьмарийн Регистран хаамаш ларбен орган, цуьнан бакъо йолччу барамехь, бахархошна а, организацешна а з1енехула пачхьалкхан хьашташ латторан Федеральни законна т1едоьг1на;

25. Австрин дагардаран (статистика яран) Федеральни ведомство;

26. Кхечу органийн Халкъан з1енан т1елоцу меттигаш, схьакхаьчначу меттехь махкахь вахаран бакъо луш йолу, ЕС (Европейски Цхьаьнакхетар) декъашхой-пачхьалкхашкахь, Чоьхьарчу г1уллакхийн Федеральни министран юьхьехь;

27. Австрин кхерамазаллин органаш, дуьненан массо а пачхьалкхашкахь;

28. Къаьмнийн юкъара кхерамазаллин организацеш;

29. Коьрта Федеральни суд;

30. Европейски Цхьаьнакхетаран (ЕС) декъашхой-пачхьалкхаш;

31. Чоьхьарчу г1уллакхийн Федеральни министр;

32. Шайн махка юхаберзоран г1уллакхан консультанташ

Долара хаамаш талларан оператор, Хаамаш ларбаран Юкъарчу Регламентан 4 стаьян 8 пунктана (декъана) т1едоьг1на (DSGVO) и § 36 раздел 2 пункт 9 Хаамаш ларбаран Закон (DSG): IBM Österreich - Internationale Büromaschinen Gesellschaft m.b.H.; Microsoft Österreich GmbH, Bundesrechenzentrum GmbH, Atos IT Solutions and Services GmbH

**Шена дуьхьала г1уллакх доьдучуьнан бакъонаш:**

Латкъам баран бакъо:

Латкъам бан бакъо ю Долара хаамаш ларбаран бакъонашна т1ехь векал йолчу Австрин органехь (1030 Wien, Barichgasse 40-42, телефон: +43 1 52 152-0, E-Mail: dsb@dsb.gv.at) т1едоьг1на § 24 1 разделан Хаамаш ларбаран Закон.

Хьалдовзаран бакъо, долара хаамаш д1абаха я хийцамаш бан:

Доларчу хаамехь долу хьал довза бакъо луш ю Хаамаш ларбечу Юкъарчу Регламентан 15-чу статьяна т1едоьг1на (DSGVO).

Доларчу хаамех долу хьал хийца (хийцамаш бан) бакъо луш луш ю Хаамаш ларбечу Юкъарчу Регламентан 16-чу статьяна т1едоьг1на (DSGVO).

Долара хаамаш д1абаха бакъо луш ю Хаамаш ларбечу Юкъарчу Регламентан 17-чу статьяна т1едоьг1на (DSGVO).